



Lis Resous Sèvis Sante Mantal



Anba, w ap jwenn yon lis resous, tankou liy dirèk, òganizasyon pou ede ou menm oswa yon moun ou renmen pandan w ap travay sou byennèt mantal ou.

AYITI

<u>Asistans Sikolojik an LJANS</u>	Entèvansyon psikoterapeutik ijans pou sitiyasyon kriz ak evènman twomatik 24 SOU 24, 7 SOU 7. Nimewo a se 2919-9000
<u>APHSY</u>	Òganizasyon pwofesyonèl pou sikològ nan Ayiti; pwomouvwa byennèt sikolojik, estanda etik, ak pataj konesans.
<u>ZANMI LASANTE</u>	Bay swen sante konplè, ki gen ladan sèvis sante mantal, bay popilasyon vilnerab nan Ayiti.
<u>MWEN LA</u>	Ofri prezans ak sipò pou moun k ap chèche èd pou sante mantal.
<u>KOZE MANTAL</u>	Ogmante konsyantizasyon ak pwomouvwa diskisyon ouvè sou sante mantal nan kominate ki pale kreyòl ayisyen; kraze stigma.

REBATI SANTE MENTALE

òganizasyon non-gouvènmantal ki konsantre sou etablisman yon sistèm sante mantal konplè nan Ayiti. Yo travay pou ogmante konsyantizasyon, bay aksè a resous, ankouraje swen ki respekte kilti, ranfòse kapasite pwofesyonèl lokal yo, epi devlope rezilyans kominotè. Òganizasyon an ofri tou sèvis pou dyaspora ayisen an.

Club Santé Mentale de Carrefour (CSMC)

se yon òganizasyon ki baze nan Carrefour, Ayiti, ki te fonde nan 2023. Yo ofri sèvis sante mantal, ogmante konsyantizasyon sou pwoblèm sante mantal, epi bay sipò pou moun ki afekte pa enkyetid, depresyon, ak twomatik. Yo menm fè aktivite pou timoun ak adolesan, tankou kan ete ak sesyon edikasyon seksyèl.

Republik Dominiken

Línea Familiar	se yon ekip pwofesyonèl nan sante mantal ki ofri sipò emosyonèl bay tout fanmi an, espesyalman timoun ak adolesan. Yo disponib chak jou pou timoun ak adolesan nan Republik Dominikèn. Ou ka pale yo sou nenpòt bagay ou vle pale libreman.
Aquí Estoy Chat	Sa a se yon liy èd sou WhatsApp ki ofri sipò emosyonèl an panyòl. Volontè ki resevwa fòmasyon reponn mesaj yo de 11 AM pou rive 7 PM. Misyon yo se bay yon espas pou koute ak akonpayman emosyonèl ki aksesib, anonim ak an sekirite pou jèn yo nan Amerik Latin nan.
Red de Apoyo Emocional CONANI	Rezo sa a ofri sipò sikolojik bay timoun, adolesan ak fanmi yo. Li gratis epi disponib de lendi pou rive vandredi, soti 8 AM pou rive 4 PM. Tout konvèsasyon yo konfidansyèl.
Línea de Vida	Sa a se yon liy ijans ki disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Li ofri sipò gratis ak konfidansyèl pou moun ki ap fè eksperyans kriz sante mantal oswa ki gen panse swisidè.

Etazini

<u>Savesouls Inc</u>	Se yon òganizasyon non-pwofi nan peyi Etazini ki dedye pou sèvi kominote Karayib la, espesyalman imigran ayisyen nan Massachusetts. Òganizasyon an ofri plizyè sèvis, tankou pwogram edikatif, sipò pou sante mantal, ak yon anyè entènasyonal pou jwenn espesyalis nan sante mantal.
<u>Love, Your Mind</u>	Enfòmasyon aksesib sou kijan pou rekonèt emosyon ou yo, etap senp pou amelyore byennèt mantal ak enfòmasyon fasil pou ede anpliwaye yo konprann kisa terapi ye ak kijan pou kòmanse li.
<u>Mental Health Tests</u>	Yon varyete evalyasyon gratis epi aksesib ke Mental Health America ofri.
<u>Suicide Prevention Interventions and Treatments</u>	Enfòmasyon sou resous ki vareye ant entèvansyon kout ak terapi ak medikaman.
<u>Where To Get Help</u>	Yon zouti pèsonalize ak entèaktif ki gide itilizatè yo pou jwenn èd ki adapte ak bezwen inik yo. Mental Health America ki ofri li.
<u>FindTreatment.gov</u>	Anyè sant tretman ou ka fè rechèch ladan I nan Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak Sante Mantal.
<u>Mental Health Resources for</u>	Yon varyete resous sante mantal ki santre sou bezwen anpil kominote, tankou Nwa, Ispanik/Latino, Nativ Natal ak Endijèn ak plis ankò. Yo ofri sa grasa Fondasyon Ameriken

<u>Marginalized Communities</u>	pou Prevansyon Swisid.
<u>Find a Support Group</u>	Anyè gwoup sipò pou depresyon, dejwe, relasyon ak anpil lòt bagay ou ka fè rechèch ladan li. Sa se yon dokiman Psychology Today ki founi li.
<u>988 Suicide and Crisis Lifeline</u>	Yon rezo nasyonal ki ofri sipò gratis epi konfidansyèl bay moun ki nan kriz swisid oswa ki gen gwo tristès. Li disponib an Anglè ak Espayòl. Jis konpoze 988.